



Èske restoran w lan sèvi ak yon aplikasyon pou pran kòmman kliyan yo pou livrezon oswa pou yo pase pran yo?

Konen dwa ak responsabilite ou genyen dapre lwa Vil New York yo.

Lwa Vil New York yo sou sèvis livrezon manje yon tyès ap fè oblije moun gen yon lisans pou aplikasyon yo ak pwoteksyon pou restoran ki itilize yo. Restoran yo genyen nouvo egzijans tou.



Eskane kòd la oswa retounen.



Consumer and
Worker Protection



Apati 24 janvyè 2022

- ✓ **Aplikasyon yo dwe genyen yon akò ekri avèk restoran w lan pou liste li sou app la.** Akò ki fèt apre 24 janvyè 2022 yo dwe genyen aksè nan douch pou moun k ap fè livrezon manje yo. Gade nan seksyon annapre a.
- ✓ **Aplikasyon yo pa ka fè restoran w lan peye plis pase limit plafon frè yo.** Gade montan plafon frè yo sou nyc.gov/DeliveryApps.
- ✓ **Aplikasyon ki gen lis oswa yon lyen pou yon nimewo telefòn pou restoran w lan dwe genyen nimewo telefòn dirèk ou.**
- ✓ **Aplikasyon yo dwe fè kliyan yo konnen aklè, tout nimewo telefòn adisyonèl ki nan lis la se pou aplikasyon an epi konfime tout frè yo peye pou itilize nimewo yo pou plase kòmann yo.**
- ✓ **Aplikasyon yo pa kapab fè restoran w lan peye pou kòmann nan telefòn ki pa debouche sou yon vant.**
- ✓ **Nan kèk ka, aplikasyon yo dwe bay done kliyan restoran w lan si ou mande sa.**

DWA

- ✓ **Restoran yo dwe konfòme yo ak akò pou bay moun k ap fè livrezon manje yo aksè nan douch lè yo vin pran manje pou livrezon.** Eksepsyon limite pou rezon sante oswa sekirite.
- ✓ **Restoran yo dwe pèmèt kliyan yo retire konsantman pou itilizasyon done aplikasyon yo te founi yo epi efase yo sou demann.**
- ✓ **Restoran yo pa kapab vann, lwe ni divilge done kliyan an san konsantman kliyan an.**

RESPONSABILITE

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP):

- Ale sou nyc.gov/DeliveryApps
- Rele **311** epi mande pou “Plent pou Aplikasyon Livrezon Manje”

KONTAK